

Miami-Dade COVID-19 Gid Pwogram Asistans Pwopriyetè Kay Rezidansyèl ak Lokatè

Entwodiksyon

Nan mwa Mas 2020, Konte Miami-Dade te kòmanse gen yon epidemi COVID-19. Nan 11 Mas, Majistra Konte a Carlos A. Gimenez te deklare yon Eta Ijans pou ede anpeche COVID-19 vin gaye. Otorite Eta ak Konte yo bay lòd pou mete restriksyon sou aktivite biznis yo ak rezidan yo pou redwi pwopagasyon COVID-19. Lòd sa yo li vize pou sove lavi, sepandan enpak mezi ekonomik sa yo te resanti nan tout Konte Miami-Dade.

Kòm repons a difikilte ekonomik sa yo, Kongrè a te pase Lwa sou Èd Coronavirus, Sekirite Sosyal, ak Lwa Sekirite Ekonomik, oswa Lwa CARES la. Konte Miami-Dade, ki itilize \$10 milyon dola nan fon Lwa CARES, te devlope Pwogram Asistans Miami-Dade COVID-19 Pwopriyetè Kay Rezidansyèl ak Lokatè. Konte Miami-Dade vize soulaje fado finansye lokatè yo ki te pèdi revni akòz de COVID-19 epi kenbe Moun Miami yo nan kay yo pou sipòte yon rekiperasyon ki fò.

Benefis Pwogram Lan

Pwogram Asistans Miami-Dade COVID-19 Pwopriyetè Kay Rezidansyèl ak Lokatè a ka bay jiska twa (3) mwa nan pri lwaye ke ou dwe an oswa asistans pou lwaye pi devan pou chak inite, avek yon maksimòm de \$5,000 pou chak inite. Fon yo pral peye dirèkteman bay pwopriyetè kay ki apwouve yo sou fòm yon sibvansyon pa Konte Miami-Dade lan, ke yo dwe itilize sèlman pou bay padon pou lwaye nan menm kantite lajan bay lokatè ki elijib yo jan sa dekri anba a.

Kritè Elijibilite Pwogram Lan

Pwopriyetè kay kap fè fas ak difikilte finansye akòz lokatè ki fe pèt revni akòz COVID-19 ki te rate oswa ki an danje manke peman lwaye yo ka aplike sou non lokatè yo si kondisyon swivan sa yo satisfè:

- Fon pou peye lwaye ki dwe yo yap mande nan Pwogram Konte pa peye oswa ranbousman pa nenpòt lòt sous (Konte, Vil, Leta oswa Federal); AK
- Inite yo ki elijib lokalize nan Konte Miami-Dade; AK
- Bay padon pou lwaye nan menm kantite lajan ak sibvansyon ki soti nan pwogram sa a; AK
- Pou elijib, revni aktyèl lokatè a dwe nan oswa mwens pase 140% Revni Medyàn Zòn (AMI) (gade tablo anba a). Revni aktyèl la refere a revni nan kay la apre nenpòt pèt travay oswa rediksyon revni akòz COVID-19; AK
 - Demontre pèt revni akòz COVID-19;
 - Bay prèv lwaye a te ajou jiska mwa fevriye, 2020.

Remak: Apati 12/07/2020, pa gen limit ankò pou konbyen inite yon pwopriyetè elijib ka posedè

Pwogram Limit Revni	
Kombyen Moun ki Nan Kay La	140% nan Revni Medyan Zòn (AMI)
1	\$76,800
2	\$87,840
3	\$98,760
4	\$109,680
5	\$118,560
6	\$127,320
7	\$136,080
8	\$144,840

Kondisyon pou Dokimantasyon yo

Pwopriyetè kay yo ap bezwen bay dokiman sa yo kòm pati nan pwosesis aplikasyon:

- - Fòm IRS W-9 - avèk ID taks mèt kay, adrès ak siyati
 -
- Prèkote lokatè habite (pou chak lokatè)
 - Enfemaj
 - Identifikasyon Leta (ID) avèk bon adrès ak bòdwo sèvis piblik si adrès la pa bon
- Prèkote Difilte Ekonomik Lokatè akòz Covid-19 (pou chak lokatè)
 - Lisensimen oswa Avi Konge; OSWA
 - Prèkote ke ou pèdi salè (pasyèl oswa konplè); OSWA
 - Deklarasyon Bank yo; OSWA
 - Dosye chèk salè yo
- Prèkote ke peman lwaye lokatè yo te aktyèl jiska nan mwa fevriye 2020 (pou chak lokatè)

Kondisyon Dokimantasyon pou Pwopriyetè Kay yo		
Prèkote Lokatè Habite (pou chak lokatè)	Prèkote Lokatè an Difikilte Ekonomik akòz COVID-19 (pou chak lokatè)	Prèkote Tout Peman Lwaye Lokatè yo te Ajou jiska nan mwa fevriye 2020 (pou chak lokatè)
Afèmaj pou inite lwaye, ki montre lwaye pou chak mwa	Lisensimen oswa Avi Konge	Tout Resi pou peman lwaye
Idantifikasyon Gouvènman ID ak adrès ki korespondan ak li OSWA bòdwo sèvis piblik pou afèmaj inite an	Prèkote ou pèdi salè, pasyèl oswa konplè (deklarasyon labank, souch peman, elatriye)	

Kijan yo pral fè peman an (yo)

Yon fwa yo soumèt tout dokiman aplikasyon yo, Anplwaye Pwogram lan pral revize dokiman yo, epi ap kontakte Pwopriyetè kay la ak kesyon oswa pou enfòmasyon adisyonèl si sa nesèsè. Si yo apwouve aplikasyon an, mèt kay la ap resevwa avi, epi pwosesis peman an ap kòmanse. Chèk yo pral vini pa lapòs nan apeprè 15 jou biznis yo apre apwobasyon aplikasyon an.

Peman sibvansyon pou chak lokatè apwouve pou montan lwaye yo ap pral trete ak remet apa, kidonk si dokiman pou yon lokatè poko vini, li pa pral bay reta pou lòt moun yo.

Angajman Patisipan An

Pwopriyetè kay yo dwe sètifye ke yo pral padonnen lwaye ke yo dwe yo pou nenpòt ki mwa pou fon sa ke Konte Miami-Dade te akòde yo, epi yo pa pral kenbe lokatè responsab pou fon sa yo nan nenpòt ki lè a lavni. Si yo bay finansman pou yon mwa pasyèl, mèt kay la dwe dakò bay lokatè a kredi pou tout mwa lwaye an. Pli lwen, pwopriyetè kay yo sètifye ke yo pa te resevwa, ni yo pral aplike pou nenpòt ki lòt sous soulajman pou menm mwa ke pwogram sa bay yo sipo. Pwopriyetè kay yo pran angajman pou yo pa fè degèpisman pou lokatè ki pa peye pou o mwen 3 mwa apre dat lè moratoryom degèpisman yo ekspire ak degèpisman ka otreman kontinye legalman.

Kontwol Dega Fwòd

Konte Miami-Dade pral pouswiv nenpòt aplikan ki komèt fwòd nan tout limit la lwa.

Tanpri rapòte nenpòt aktivite sispèk nan <https://www.miamidade.gov/global/report-fraud.page>

Pwosesis Aplikasyon An

Pou aplike nan Miami-Dade COVID-19 pou Pwogram Asistans Pou Lwaye Pwopriyetè Rezidansyèl, nou ankouraje avek insistans pou ke Pwopriyetè kay yo aplike nan pòtal aplikasyon sou entènèt, pwosesis aplikasyon pral pèmèt pou fè pi vit pwosesis ak mwens erè. Pou moun ki pa kapab aplike sou entènèt fè sa, fòm aplikasyon sou papye ak enstriksyon yo disponib anba a. Ou kapab aplike sou entènèt nan www.miamidadecovidrelief.org.

Pwopriyetè kay la pral kreye yon kont, pou antre enfòmasyon sou biznis yo, ak enfòmasyon pou kontakte chak lokatè ki elijib pou pwogram lan. Dokiman sipò yo dwe telechaje pou verifye elijibilite yo tou lè de ni pwopriyetè kay la ak chak lokatè yo. Pwopriyetè kay yo ka telechaje dokiman obligatwa nan men lokatè yo (sètadi, dokiman sou revni ak rezidans), oswa presize ke lokatè yo pral telechaje dokiman yo. Yon imèl pral voye bay lokatè yo a avèk enstriksyon pou telechaje si pwopriyetè kay la chwazi dènye opsyon an.

Pwopriyetè kay yo dwe enskri nan Miami-Dade County kòm vandè atravè pòtal aplikasyon an pou yo ka resevwa yon sibvansyon nan pwogram lan.

Yon fwa yo finn telechaje tout dokiman yo, Anplwaye Pwogram Asistans pou Lwaye pral revize dokiman yo, epi kontakte pwopriyetè kay la si gen lòt enfòmasyon ki nesèsè. Yon fwa yo fè yon detèminasyon, yo pral avèti pwopriyetè kay la, epi yo pral oblije siyen yon akò sibvansyon, sètifye ke yo pral padonnen lokatè yo lwaye pou mwa ki kouvri nan pwogram nan, epi yo pa pral chèche ranbousman oswa peman pou mwa sa yo nan nenpòt ki lòt sous. Akò a pral tou mande pou pwopriyetè kay la pa chache degèpisman pou peman lwaye pou omwen twa mwa apre pwosesis degèpisman yo te retabli pou Miami Dade. Apre akò sa a konplè, Konte Miami-Dade ap trete peman epi voye chek lan pa la pos dirèkteman ba pwopriyetè kay la.

Enstriksyon Sou Aplikasyon Papye:

Tout enfòmasyon yo mande yo dwe ranpli ase ezgat epi ase liziblemen ke posib. Yo mande enfòmasyon yo ak dokiman sipò yo pou verifye ke ni aplikan an ak lokatè yo satisfè kondisyon elijiblite pwogram lan, epi nenpòt ki erè oswa omisyon ka pran reta pou lage fon sibvansyon an. Pa soumèt dokiman orijinal sipò yo, menm jan pa gen okenn sipò dokiman yo pral retounen.

Aplikasyon papye yo ka telechaje nan www.miamidadecovidrelief.org. Aplikasyon papye kapab tou ranmase nan youn nan kote yo depoze li nan lis anba a.

Yon fwa aplikasyon an konplè epi yo ranmase tout dokiman sipò yo, tanpri òganize, klipse, mete nan yon gwo anvlop manilla jòn, epi ekri "Landlord COVID Relief" sou anvlop la epi depoze li nan youn nan adrès ki anba:

North Dade Regional Library

2455 NW 183rd Street
Miami Gardens, FL 33056

Main Library

101 West Flagler Street
Miami, FL 33130

South Dade Regional Library

10750 SW 211 Street
Cutler Bay, FL 33189

Westchester Regional Library

9445 Coral Way
Miami, FL 33165

Anplwaye Pwogram lan pral revize aplikasyon an, epi ap kontakte ou si gen lòt enfòmasyon yo egzije ak / oswa pou avize estati aplikasyon ou an.

FAQ

K: Kijan Miami-Dade COVID-19 Pwogram Asistans Lwaye Pwopriyetè finanse?

R: Pwogram lan resevwa finansman li nan Èd Coronavirus, Sekirite Sosyal, ak Lwa Sekirite Ekonomik, (Lwa CARES), ki te siyen an lwa pa Prezidan an nan mwa Mas 2020. Espesyalman, yo bay finansman nan Fon Sekirite Sosyal Florida Coronavirus, ki te kreye kòm yon dispozisyon nan Lwa sou CARES. Nan 21 Jiyè 2020, Majistra Konte Carlos A. Gimenez te apwouve \$10 milyon dola pou itilize nan ede pwopriyetè kay yo avèk dis (10) oswa mwens inite ki gen lokatè yo kap fè fas a difikilte finansye akòz COVID-19 Pandemi an. Anplis lwaye ak asistans ipotèk, depans administratif pou mete ann aplikasyon Pwogram lan pral chaje tou nan Pwogram lan.

K: Kisa yo mande pwopriyetè kay la ak lokatè yo pou yo elijib pou resevwa lajan nan pwogram sa a?

R: Kondisyon sa yo dwe satisfè pou yo ka satisfè kondisyon elijiblite yo:

- 1.
2. Tout inite ki kalifye yo lokalize nan Konte Miami-Dade; AK
3. Mèt kay la montre prèv posesyon inite sa yo; AK
4. Bay tout kontak enfòmasyon pou kontakte tout lokatè ki kalifye; AK
5. Yo resevwa resi ki montre ke lwaye te aktyèl jiska nan mwa fevriye 2020; AK
6. Bay fem kay pou tout lokatè ki kalifye ki pat peye; AK
7. Dokimantasyon ki montre revni lokatè se 140% nan Revni an Zòn Medyàn (AMI) oswa pi ba epi bay li; AK
8. Bay dokimantasyon ki montre lokatè an gin pet revni akòz COVID-19;
9. Pwopriyetè a PA resevwa okenn èd pou lwaye li te mande anvan an (sètadi, pou mwa ki kouvri pa aplikasyon an) soti nan nenpòt lòt sous.

K: Èske gen yon limit nan konbyen inite yon pwopriyetè ki kalifye kapab posede?

R: Kòm nan 12/07/2020, pa gen okenn limit sou konbyen inite yon mèt kay ka posede. Nenpòt pwopriyetè ka kalifye, osi lontan ke inite yo te aplike pou satisfè tout lòt kondisyon kalifikasyon yo.

K: Kòm yon pwopriyetè kay, si mwen posede kèk inite deyò konte Miami-Dade, eske mwen toujou kalifye pou program la?

R: Se sèlman inite nan Konte Miami-Dade ki kalifye pou pwogram lan. Si ou posede inite andeyò Miami-Dade, ou pa ka aplike pou asistans pou inite sa yo.

Sepandan, limit dis inite a sou kantite total inite a lweye ou posede yo refere a tout inite, ni andedan ak deyò Konte an.

Pou egzanp, si yon mèt kay posede twa inite nan Konte Miami Dade ak twa inite andeyò Konte a, mèt kay la pa ta kalifye ak yon total de sis inite. An kontrekare, yon mèt kay ki gen twa inite nan Miami Dade ak de deyò ta kalifye, men sèlman pou inite yo ki chita nan Konte Miami Dade.

K: Ki sa ki detèmine konbyen inite pwopriyete kay la posede? Èske se nonb inite yo? Afèmaj? Endividyèl ki habite nan inite sa yo?

R: *Fok li dwe gen yon kontra afèmaj inik ki koresponn a yon adrès inik pou chak inite ki kouvri anba pwogram nan, epi chak pwopriyete kay pa ka posede plis pase dis (10) inite an total kèlkeswa kote yo ye.*

K: Kisa 140% Revni Medyan Zòn lan (AMI) li ye pou gwo espesifik kay mwen an nan Konte Miami-Dade?

R: *Gade anba a. Remake byen ke limit revni yo refere a revni aktyèl (sètadi, apre yon pèt travay oswa lòt difikilte finansye akòz COVID-19)*

Limit Revni pou Pwogram lan	
Kombyen Moun ki Nan Kay La	140% nan Revni Medyan Zòn (AMI)
1	\$76,800
2	\$87,840
3	\$98,760
4	\$109,680
5	\$118,560
6	\$127,320
7	\$136,080
8	\$144,840

K: Ki benefis yo bay nan pwogram sa a?

R: *Aplikasyon yo apwouve yo kalifye pou resevwa ekivalan jiska twa (3) mwa lwaye yo ou pap peye OSWA lwaye pi devan pou chak inite, ak yon maksimòm de \$5,000 pou chak inite. Fon yo pral peye dirèkteman bay pwopriyete kay la nan fòm lan nan yon sibvansyon.*

K: Kijan yo pral gaye sibvansyon fon sa bay pwopriyetè kay ki apwouve?

R: *Sibvansyon yo pral bay li nan chèk papyè posté pa la pos pa Biwo Finans Konte Miami-Dade. Se adrès biznis pwopriyetè kay la yo pral itilize.*

K: Èske lajan sibvansyon pwogram nan ap distribye a yo konsidere kòm revni taksab?

R: *Wi, tout lajan yo akòde anba pwogram nan yo taksab, epi yo pral rapòte kòm 1099 revni pa Konte an nan fen ane a. Ou pral bezwen soumèt yon Fòm IRC W-9 nan pou ka r esevwa fon sibvansyon, epi enkli ID taks federal ou (EIN) oswa Nimewo Sekirite Sosyaljan sa apwopriye.*

K: Ki dokiman ki nesèsè pou pwouve pèt revni pou lokate kòm rezilta COVID-19?

R: *Dokiman ki akseptab pou pwouve pèt nan revni ki gen ladan chomaj oswa avi konge (resevwa apre fevriye 2020), dosye labank, dosye chèk, ak/oswa prèv ou tap travay nan yon biznis ki te fèmen akòz restriksyon COVID-19 sa yo.*

K: Èske mwen kalifye pou resevwa lajan nan pwogram sa a si mwen deja resevwa asistans finansye nan yon lòt pwogram?

R: *Aplikasyon ki te resevwa sipò finansye nan yon lòt pwogram oswa sibvansyon pap elijib pou resevwa sipò finansye nan Pwogram Miami-Dade COVID-19 Pwopriyetè Kay ak Asistans Lokatè pou menm pet finansye sa. Aplikasyon yo pral oblije siyen yon deklarasyon ki verifiye ke yo pa te resevwa sipò nan men nenpòt lòt sous pou menm pet finansye an nan pwosesis aplikasyon an..*

K: Ki dokiman ki akseptab pou pwouve revni moun ki nan kay la?

R: *Dokiman akseptab yo enkli deklarasyon taks lokatè 2019 yo, deklarasyon labank yo, oswa dosye chèk yo te jwenn depi Fevriye 2020.*

K: Èske pral gen yon opsyon pou ranpli epi soumèt yon aplikasyon sou papyè? Si se konsa, ki kote mwen ta ka fè sa?

R: *Aplikasyon sou papyè yo disponib nan lang Angle, Panyòl, ak Kreyòl. Aplikasyon yo ka telechaje nan www.miamidadecovidrelief.org, oswa ranmase youn nan kote ou te depoze li. Aplikasyon komplet yo ou ka soumèt nan youn nan kote sa yo ki nan lis anba seksyon Enstriksyon Aplikasyon Papyè anwo a*

K: Ki moun mwen ka kontakte si mwen toujou gen yon kesyon san repons?

R: Pou plis asistans, tanpri rele nan 305-374-5370 oswa voye yon kesyon lan www.miamidadecovidrelief.org